



David A. Hansell  
Manm Komisyon

Lorelei A. Vargas, MPP, MA  
Manm Komisyon Adjwen  
Edikasyon ak Swen Timoun Piti

66 John Street/8<sup>th</sup> Floor  
New York, New York 10038

[www.nyc.gov/acs](http://www.nyc.gov/acs)

Out 2017

Chè Ajan / Pwogram:

Yon pati enpòtan nan responsablite ou antanke ajan sibvansyon pou gadri se anrejistre prezans. Se nan lide sa a Administrasyon Sèvis pou Timoun (Administration for Children's Services, ACS) pran angajman pou fè demach yo senp, efikas, ak presi, mezi li posib.

Lèt sa a bay kèk enfòmasyon sou de (2) chanjman ki pral fèt nan fason pou anrejistre prezans.

### Chanjman yo

- *Prezans pa Èdtan:* Nou pa pral konte prezans kòm tan konplè oswa tan pasyèl. Pou konfòme nou ak lalwa a epi egzijans Biwo Eta New York pou Sèvis Timoun ak Fanmi (New York State Office of Children & Family Services, OCFS), ou pral oblije anrejistre prezans selon lè yon ti moun antre nan pwogram ou a ak lè li soti a.
- *Sistèm Sou Entènèt la:* Kounye a, alapas fèy prezans oswa olye pou itilize telefòn lan, w ap kapab konekte sou yon sitwèb grasa yon òdinatè, yon telefòn ki ka itilize entènèt, oswa tablèt pou anrejistre prezans tan. Sistèm sa a rele Lè ak Prezans Gadri (Child Care Time & Attendance, CCTA).

### Avantaj

- *Ou pa p gen papyè pou ranpli:* Kounye a, w ap ka soumèt prezans pa mwayen elektwonik san ou pa bezwen soumèt fèy prezans sou papyè, epi sa pral elimine bezwen pou enprime ak voye dokiman pa lapòs.
- *Peman pi Presi ak Rapid:* Sistèm sou entènèt la pral diminye kantite erè moun fè lè y ap anrejistre prezans, epi sa pral pèmèt yo trete peman pi vit paske pa pral gen anpil erè pou korije.

### Kisa sa vle di pou mwen kounye a?

- Ou pral kontinye soumèt fòm prezans sou papyè oswa itilize telefòn nan pou soumèt prezans jiskaske ACS di w pou w pa fè sa ankò.
- Ou pral bezwen gen yon aparèy ki ka konekte sou entènèt la. Aparèy la ka yon telefòn selilè ki ka konekte sou entènèt, yon tablèt, tankou yon iPad, yon òdinatè, oswa yon òdinatè pòtab.
- ACS pral bay fòmasyon ak sipò.
- Nou pral kontakte kèk ajan ak pwogram pou ede ACS teste sistèm nan.

## Sa k ap pase answit?

- Pou pifò ajan ak pwogram, ou pral kòmanse sèvi ak nouvo sistèm Lè ak Prezans pou Gadri a an 2018.
- Pou yon ti gwoup nan ajan ak pwogram, y ap kòmanse ak nouvo sistèm Lè ak prezans Gadri a an 2017, kòm pati pwogram pilòt nou an.
- Nou pral fè w konnen si nou ka itilize ou pou pwogram pilòt nou an.
- ACS ap bay fòmasyon. Yo pral bay dat egzakt yo pi devan.

## E si mwen pa ka soumèt prezans sou entènèt?

- Ajan ak pwogram ki pa gen aksè nan entènèt oswa ki pa ka soumèt prezans sou entènèt poutèt yon andikap oswa obsèkans fèt relijye, ap kontinye soumèt prezans sou papye oswa nan telefòn.

## Resevwa Dènye Nouvèl yo

- ACS pral ba ou nouvèl sou CCTA regilyèman. Ale sou sitwèb **[www.nyc.gov/acs/ccta](http://www.nyc.gov/acs/ccta)** pou jwenn dènye nouvèl ak repons pou kesyon moun poze souvan. Pi devan, nou pral mete enfòmasyon sou fòmasyon ak lòt resous sou sitwèb CCTA a.
- Tanpri itilize lyen sa a, (<https://www.surveymonkey.com/r/ProviderDetail>) pou asire w ou gen detay sou kontak ki pi resan yo.
- ACS angaje li pou ede ou fè tranzisyon anrejistremant prezans èdtan pa èdtan an ak nan sistèm sou entènèt la. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte **[ccta@acs.nyc.gov](mailto:ccta@acs.nyc.gov)** oswa rele Sant Dapèl nou an nan 1-212-835-7610.

Ak tout kè nou,

Lorelei Vargas  
Manm Komisyon Adjwen  
Divizyon Swen ak Edikasyon Timoun Piti (Division of Early Care & Education)

Susan Nuccio  
Manm Komisyon Adjwen  
Divizyon Finans (Division of Finance)